

## Kanpe La – Enough

(Haitian Creole and French – English Poetic Translation)

<p><b>Gade! Gade! Gade!</b> <b>Gade sa k'ap pase!</b></p> <p><b>Me moman a rive pou nou kanpe gade,</b> <b>Pou nou chèche konnen tout bon sa k'ap pase.</b> <b>Deblozay bò isit, tribilasyon lòtbò.</b> <b>Rayisans, laperèz simen tribòbabò.</b> <b>Kanpe la! Otan! Otan!</b></p> <p><b>Gade sa k'ap pase nan mitan lavi-a;</b> <b>Tande sa ki rive nan tout kwen peyi-a;</b> <b>Kretyen vivan mouri tankou chyen gran chimen;</b> <b>Lèzòm sanble bliye sa ki rele renmen.</b></p> <p><b>Gade sa k'ap pase nan mitan lavi-a;</b> <b>Mechanste ak lanmò ape taye banda;</b> <b>Vyolans, kraze brize pa janm regle anyen.</b> <b>Sèl lanmou ak jistis ki pou di "kanpe la".</b> <b>Kanpe la, mezanmi. Otan! Enough!</b></p> <p><b>Les enfants de la terre ont perdu la raison;</b> <b>Et ils allument le feu dans leurs propres maisons.</b> <b>La vie dans nos foyers se meurt à petit feu,</b> <b>Et l'amour agonise lentement sous nos yeux.</b> <b>Kanpe la, mezanmi! Otan! Otan!</b></p> <p><b>Si nou tout pran konsyans sa ki rele renmen,</b> <b>Lavi-a va pi bèl, ni jodi ni demen.</b></p> <p><b>Kanpe la, mezanmi. Otan.</b></p> <p style="text-align: right;"><i>-Gabriel T. Guillaume Miami, FL. Juin 2016</i></p>	<p><i>Look! Look! Look!</i> <i>Look at what's happening!</i></p> <p><i>The time has come for us to stop and observe,</i> <i>For us to truly understand what is happening.</i> <i>Uproar on this side, tribulations over there.</i> <i>Hatred and phobia have scattered left and right.</i> <i>Enough! Enough! Enough!</i></p> <p><i>Look at what's happening these days;</i> <i>Listen to what's taking place in all corners of the country:</i> <i>Human beings are dying like stray dogs;</i> <i>People must have forgotten what we call love.</i></p> <p><i>Look at what's happening these days;</i> <i>Evilness and death are taking over;</i> <i>Violence and vandalism never amount to anything.</i> <i>Only love and justice can really say "enough".</i> <i>Enough, my friends. Enough. Enough!</i></p> <p><i>The children of the earth have lost their mind;</i> <i>And they are setting their own homes on fire.</i> <i>Life in our households is dying one flame at a time,</i> <i>And love agonizes slowly under our eyes.</i> <i>Enough, my friends! Enough!</i></p> <p><i>If we all become aware of what we call love,</i> <i>Life will be more beautiful, both today and tomorrow.</i></p> <p><i>Enough, my friends. Enough.</i></p>
--	---

Other words used: **atansyon!** (watch out!), **soti la!** (out of the way!), **anmwe/anmwey** (help!),  
**Adje Bondje** (Oh my Lord!)

### Central Theme of KANPE LA

**Il est absolument indispensable de s'arrêter de temps en temps pour faire le point sur la marche de nos vies et de nos sociétés. Le train de l'existence humaine semble dérailler par manque de références sûres et par la perte de valeurs profondément humaines. L'injustice et la haine supplantent de plus en plus la générosité et la compassion. Il serait bon de s'arrêter pour ajuster nos flûtes. KANPE LA!**

- GTG / Nov. 2016

*It is absolutely crucial from time to time to stop and take stock of our lives and our society. The human existence train seems to derail from lack of true references and a loss of profound human values. More and more injustice and hatred supplant generosity and compassion. It would be good to stop and get our acts together. ENOUGH!*

official hashtag:  
#KanpeLa